

CONFERENCE DES EVEQUES CATHOLIQUES DU BURUNDI

Secrétariat Général

IJAMBO RISHIKIRIJWE N'INAMA Y'ABEPISKOPI GATOLIKA B'I BURUNDI RYEREKEYE AMATORA Y'UMWAKA W'I 2020

“Hahiriwe abaremeha amahoro kuko bazokwitwa abana b’Imana” (Matayo 5,9)

Bakristu dusangije ukwemera, namwe bantu mwese mushakira inezia igihugu cacu,

1. Twebwe Abungere b’Ekleziya Gatolika turabaramukije amahoro ya Kristu. Nkako ni We musa Mwami w’amahoro y’ukuri.
2. Nk’uko tugize iminsi tubimenyeshwa, mu mwaka uza, harategekanijwe ikiringo gihambaye mu buzima bw’igihugu cacu, aho Umurundi wese abirekuriwe n’amategeko, ahamagariwe kwitaba amatora, kugira ngo inzego zitandukanye z’uburongozi zishobore gushirwaho, hisunzwe Ibwirizwa shingiro, kandi hubahirijwe ubwigenge busanzwe buranga zina kiremwa-muntu.
3. Mu bihe nk’ibi, twama tubashikiriza ijambo, kugira ngo nk’Abungere banyu, twishimikije ibanga ryacu, tubakeburire umwitwarariko w’uguha agaciro igihe mwen’ico, ntihagire uwigira sindabibazwa kandi biheza bikazana ingaruka mu buzima bw’igihugu na beneco. Kuri twebwe abakristu, ikiringo c’amatora, ni ikiringo c’ukwitegurirwa mu gisabisho, no mu nyigisho ndoramana, zisanzwe zitegekanijwe muri Ekleziya Gatolika, ngo zifashe mu kuremesha imibano n’ugukebura agatimampanuro ka zina mukristu wese; eka mbere zigaha n’umuco umuntu uwo ari we wese azakiriye, agomba kwugurukira inezia. Iyo tubigize gurtyo, ni ho dushobora kuba umunyu n’umuco w’isi mu bandi Barundi bose, kuko tuba dufise aho tubivoma.
4. Imbere ya vyose, turakengurukiye Imana Dawe wa twese ku ntambwe Abarundi tugezeko uyu munsi, n’aho impinga ikiri ndende, mu nzira y’ugutsimbataza intwaro rusangi ari yo shingiro ry’amahoro arama n’iterambere mu gihugu cacu. Nkako, kuva aho Abarundi bashiriye igikumu ku Masezerano y’amahoro n’ugusubiza hamwe, bakiyemeza kuvavanura n’agatima k’amacakubiri kubakiye ku ntwaro z’igikenye n’agacinyizo, turashima kubona ingene benshi mu Barundi bariko barategera ko ata yindi nzira nziza iriho y’ukubisikanya ku butegetsi, atari inzira y’amatora. Muri iyo ntumbero, turashima kandi kubona ingene Abarundi turiko turamenyera gutunganya ibijanye n’indiganizo y’ntwaro n’ukwubahiriza inzego z’igihugu, mu kureka ngo zirangize ikiringo gisanzwe gitegekanijwe n’amategeko. Uyu munsi kandi, n’aho bamwe bibagora gutegera, Abarundi benshi barumva ko iyo habaye ingorane z’ukutumvikana, inzira y’ibiganiro ari yo nsa yoja imbere.
5. Turakenguruka kandi ko abo Igihugu cashinze gutunganya amatora twimirije, bariko baravyitwararika, mbere bakaba bariko bararondera y’uko abokwipfuza gutterera, bose boyagiramwo uruhara ruboneka. Turashimira n’abanyamigambwe ukugene bariko baravyitegurira n’aho amahinyu atabuze. Ivyo dushimira Imana n’abo batorewe gutunganiriza abaremanywe agashusho kayo ni vyinshi ntitwobidonda ngo tubimare.

6. Ivyo dushima ni vyinshi. Ariko rero, ntitworenda uruho rw'amazi ku bibazo bimwe bimwe biteye amakenga kandi bihagaritse umutima Abarundi batari bake, muri iki gihe turimwo. Na vyo ni nk'ibi :

- Mu ntara zitari nke, haribonekeza agatima kabi k'ukuburabuza n'uguhotera imigambwe imwe imwe n'ugutoteza abanywanyi bayo, n'aho ingingo ya 75 y'Ibwirizwa shingiro yemeza ko imigambwe myinshi yemewe mu Burundi, kandi Leta ikayemerera gukorera ku mugaragaro, ikanahimiriza abanywanyi bayo kwubahana mu budasa bwabo. I ruhande y'ivyo hari imvugo, inzandiko n'inyifato vy'iterabwoba bishobora kuba amatora kugenda neza.
- Mu ntara zimwe zimwe, haribonekeza ubugizi bwa nabi burimwo mbere n'ubwicanyi bufatiye ku mvo za politike. Ahatarai hake bugakorerwa cane cane abatavuga rumwe na Leta, kandi ahensi, ubutungane ntibubanguke kwerekana ko buriko burahana inkozi z'ikibi bukurikije amategeko.
- Hariho n'ugushaka kwitiranya umugambwe uri ku butegetsi n'igisata kijejwe intwaro: nk'akarorero hamwe hamwe urwaruka ruri muri uyo mugambwe womengo rugomba gusubirira inzego zishinzwe umutekano. Ivyo navyo bitera akajagari gashobora kwononera ingendo y'amatora.
- Ikindi, ni uko tugiye kuja mu matora, hakiriho Abarundi benewacu benshi bakigorewe mu buhungiro mu mahanga, kuko babona ko ikibazo catumye bahunga kitaratorerwa inyishu. Vyobaye vyiza kandi vyodushimisha tugiye mu matora bose bamaze guhunguka kandi baje mu mwidegemvyo, ata gahato karimwo.
- Hariho kandi n'ubukene bwugarije Abarundi batari bake, bushobora gutuma vyoroha ko hagira abahendeshwa utwo bapfumbatishijwe, bagahava batora n'abadafise imigambi ngirakamaro ku gihugu.
- Hari n'ugutamika politike abana, be n'ayandi manegurwa, kumbure namwe mubona aho muherereye, tutarinze kuvuga. Twagomba rero kubaremeha, twongera tubahanura.

7. Bakristu dusangiyе ukwemera, namwe bantu mwese mushakira ineza igihugu cacu,

- N'aho hari ayo madidane tubabwiye kandi atubabaza, hakaba n'ayandi mushobora kuba mwibonera aho mugeza amaso, twebwe Abungere banyu turabaremesheje rwose ngo ntihagire abacika inkokora. Twame twibuka ko twebwe abakristu, ku bw'ibanga ryacu, duhamagariwe kuba abaremeha amahoro aho turi hose kandi mu bihe vyose. Nkako, Umukama wacu Yezu Kristu atubwira ati: "Hahiriwe abaremeha amahoro, kuko bazokwitwa abana b'Imana" (*Matayo 5,9*). Ku bw'ivyo rero turasemereye tubwira mwebwe abakristu mwese eka n'abantu bose bashakira ineza iki gihugu, ntihagire uwo mwemerera ko yobahenda ngo abajane mu ngendo y'ukuvyura akajagari canke uruhagarara, kuko biciye kubiri n'ingendo y'amahoro iranga umukristu n'umuntu w'Imana wese, kandi ata kindi bikwega, atari amarira n'umwiheburo.

8. Bakristu muri mu nzego nyobozi zitandukanye muri iki gihugu cacu:

- Mu Nkuru Nziza Yezu Kristu atubwira ati: “ni mwebwe munyu w’isi, ni mwebwe muco w’isi” (*Matayo 5, 13.16*). Turabinginze mwebwe abakristu dusangiyé ukwemera muri mu nzego nyobozi, haba mu Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka, mu ntwaro, mu butungane, mu migambwe n’ahandi, ngo mwame mushingira intahe ukuri n’ubutungane, mube intangarugero mu gushinga n’ukwubahiriza amategeko atunganye. Nk’itegeko rirekurira imigambwe myinshi gukora ryubahirizwe hose. Kandi umukristu mwiza ntiyiraba we musa, abwirizwa n’uguhanura abandi. Nkako nyene Imana ibwira umuhanuzi Ezekiyeli iti: “...nutavuga ngo ugabishe umubisha kugira ngo ahebe inzira yiwe y’ububisha, kugira ngo umukirize ubuzima, uwo mubisha azopfa kubera icaha ciwe, ariko amaraso yiwe nzoyabaza ikiganza cawe” (*Ezekiyeli 3,18*). Nimwibuke na ntaryo ibanga mwatoranye, mutunganirize Uburundi n’Abarundi. Ntimumere nka ba bungere Imana ihambarira mu Gitabu c’umuhanuzi Ezekiyeli, kuko batitwararika ineza y’intama baragiye (raba *Ezekiyeli 34, 2-11*), canke nka wa mubwiriza yasigaranwa amabanga na shebuja agaca yishinga kwiborererwa n’ugusindira abandi (raba *Matayo 24,48-51*). Nimube nyabuna akarorero nyako, mu kugendera ukuri n’ubutungane, mufashe abo musangiye iteka n’ibanga ntihagire ababandanya batamika politike abana. Vyongeye nimwame mwitwararitse ko ata n’umwe muri mwebwe yocinyiza banyarucari na bantahonikora abaka ibiturire, canke abakorera ayandi mabi. Eka mbere no hagati yanyu, ni mwubahane mu budasa bwanyu, no muri izo nzego murimwo mubere abandi akarorero keza.

9. Rwaruka rw’abakristu,

- Abatari bake muri mwebwe muri mu mihari no mu migwi y’ubutumwa. Twama tubibahanura n’ubu turasubiriye, nk’uko musanzwe mwerekana urukundo iyo muri mu mihari n’imigwi y’ubutumwa itandukanye, nimurwerekane mu mibano yanyu ya minsi yose, no mu migambwe inyuranye mwoba murimwo, mwebwe abageze kuyijamwo. Nk’uko kandi n’abategetsi batandukanye bagize iminsi babibahanura, nimufatane mu nda mu budasa bwanyu, mwoye kuryana, mwirinde imvugo n’inyifato z’ugusotorana, muremeshe amahoro. Noneho ku bw’ibatisimu mwahawé, mwarabaye ibiremwa bishasha. Ntibigikwiye rero ko mwigenza nk’abapagani bankana, bakaryana. Ahubwo nimube abatumwa b’amahoro, muze murahanura n’abandi.

10. Bakristu mwese dusangiyé ukwemera, namwe mwese mushakira ineza igihugu cacu, ntitworangiza tutabipfuriye amahoro arama, ashingiye ku kuri, ku butungane, ku mwidegemvyo no ku rukundo. Gurtyo twitegurire amatora dutekanye, ata mutima usimba, tugabiye gukora ngo n’ibindi vyose biranga intwaro rusangi biranguke mu gihugu cacu.

Bikira Mariya Umugabekazi w’amahoro niyame atubera mu ngoro.


Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 13 Nyakanga 2019.

Abepiskopi banyu.

**Iri Jambo rizosomwa icese ku munsi w’Imana, igenekezero rya 22 Nyakanga 2019.*

Abungere b'Ekleziya gatolika y'i Burundi :

✠ Yohakimu NTAHONDEREYE
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Muyinga akaba n'Umukuru w'Inama
y'Abepiskopi gatolika b'i Burundi



✠ Bonaventura NAHIMANA
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Rutana akaba n'Icegera c'Umukuru w'Inama
y'Abepiskopi gatolika b'i Burundi



✠ Gerevazi BANSHIMIYUBUSA
Umwepiskopi Mukuru wa Diyoseze Nkuru ya Bujumbura akaba n'Umwepiskopi
ahagarariye Papa muri Diyoseze ya Ngozi

✠ Yohani NTAGWARARA
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Bubanza



✠ Venansi BACINONI
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Bururi



✠ Buraziyo NZEYIMANA
Umwepiskopi wa Diyoseze ya Ruyigi



✠ Joriji BIZIMANA
Umwepiskopi Samuragwa wa Diyoseze ya Bubanza

